दिन– शनिवार दिनांक–24.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अध्यक्षता मे आई नव दिल्लीक भारत मंडपम मे नीति आयोगक शासी परिषदक दसम बैसक आयोजित कयल जा रहल अछि। एहि बरखक बैसकक विषय अछि– विकसित भारतक लेल विकसित राज्य एट द रेट दू हजार सैंतालीस। प्रधानमंत्री बैसक कैँ संबोधित करैत कहलनि जे हम विकासक गति तेज केलहुँ अछि। श्री मोदी कहलनि जे जँ केंद्र आ सभ राज्य एक टीम इंडियाक तौर पर काज करय तऽ कोनो लक्ष्य असंभव नहि अछि। बैसक मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक संग कतेको राज्यक मुख्यमंत्री, केंद्रशासित प्रदेशक उपराज्यपाल, केंद्रीय मंत्री आ नीति आयोगक उपाध्यक्ष, सदस्य आओर मुख्य कार्यकारी अधिकारी शामिल भऽ रहल अछि। जनतबक अनुसार मुख्यमंत्री श्री कुमार काल्हि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अध्यक्षता मे एनडीए शासित राज्यक मुख्यमंत्री लोकनिक एक महत्वपूर्ण बैसक मे सेहो भाग लेताह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि कार्यक्रमक एक सय बाईसम संस्करण होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर अतिरिक्त मन की बात के प्रसारण आकाशवाणीक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। कार्यक्रम के प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। मन की बात कार्यक्रमक आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यूट्यूब चैनल पर सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दूबारा राति आठ बजे सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

निगरानी विभागक टीम सासाराम अंचल कार्यालय मे कार्यरत डाटा इंट्री ऑपरेटर आकाश कुमार दास कैँ एक लाख दस हजार टाका रिश्वत लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। प्रतापगढ़क युवक पंकज कुमारक शिकायत पर ई कार्रवाई कयल गेल अछि। पंकज आरोप लगौलनि अछि जे डीसीएलआर के आदेशक बावजूद अंचलाधिकारी राकेश ओंकार दाखिल खारिजक लेल एक लाख दस हजार टाका घूसक मांग कऽ रहल छलाह। निगरानी के डीएसपी अमेरन्द्र प्रसाद विद्यार्थी कहलनि जे अंचलाधिकारिक संलिप्तताक जांच कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

बक्सर जिलाक अकबरपुर पंचायतक अहियापुर गाम मे आइ अहल भोरे हथियारबंद अपराधी एकहि परिवारक तीन गोटे कैँ गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे गोलीबारी मे दू गोटे के ठामहि मृत्यु भऽ गेल, जखन कि एक अन्य गंभीर रूप सँ घायल व्यक्तिक इलाजक दरमियान बनारसक एक अस्पताल मे मृत्युक खबर अछि। ओतहि, गंभीर रूप सँ घायल दू अन्य व्यक्तिक बनारस मे इलाज चलि रहल अछि। पुलिसक अनुसार घटनाक कारण पुरान दुश्मनी अछि। अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापेमारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

पटना, वैशाली, नालंदा, भोजपुर आ गयाजी समेत प्रदेशक दक्षिणी भाग मे किछु ठाम आइ भोर हल्का बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिणी, उत्तर–पूर्व, उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे किछु ठाम तेज हवाक संग बरखा संभावना अछि। एहि दरमियान ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि। एम्हर, दक्षिण–पश्चिम मॉनसून अपन तय समय सँ पहिने केरल पहुंचि गेल अछि। आमतौर पर ई पहिल जून के केरल में दस्तक दैत अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे बरख दू हजार नओ के बाद ई पहिल बेर अछि, जखन केरल मे मॉनसूनक आगमन समय सँ बहुत पहिने भेल अछि।

———————————————————————

भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड आगामी इंग्लैंड दौरा पर टेस्ट श्रृखंलाक लेल टीमक घोषणा कऽ देलक अछि। शुभमन गिल कैँ टीमक कप्तान बनाओल गेल अछि, जखन कि

ऋषभ पंत उपकप्तानक भूमिका मे रहताह। विराट कोहली आ रोहित शर्माक टेस्ट क्रिकेट सँ सन्यास लेलाक बाद भारतीय टीम पहिल टेस्ट क्रिकेट श्रृखंला खेलाओत।

—————————————————————————

निगरानी अन्वेषण ब्यूरो, पटनाक टीम मधुबनी जिलाक जयनगर अंचलक सीआई अजय कुमार मंडल कँे तीन लाख टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

—————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक सिकटी थाना क्षेत्र सँ एसएसबी आ पुलिसक संयुक्त छापेमारीक दरमियान पांच करोड़ टाका मूल्यक पच्चीस किलो चरस जब्त कयल गेल अछि। एहि मामिला मे दू तस्कर के गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि।

—————————————————————————

सीवान जिलाक जीबी नगर थाना क्षेत्रक अफराद गाम लऽग आइ भोर एक ट्रक आ कारक बीच सीधा टक्कर मे तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेल, जखन कि एक अन्य व्यक्ति गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

—————————————————————————

समाप्त भेल।